

## **Lodyans sa genyen yon karaktè jeneral sou dwa aksè enfòmasyon an Ayiti**

### **Rezime prezantasyon petisyonè yo**

**154<sup>e</sup> peryòd sesyon**

**17 mas 2015, 11h30-12h30**

Kolektif Jistis Min, Obsèvatwa Mega-pwojè yo, Global Justice Clinic de la New York University ak yon jounalis ayisyen (petisyonè) te mande yon odyans ki gen karaktè jeneral pou yo ka atire atansyon Komisyon Entèameriken Dwa Moun yo sou sitiyasyon dwa aksè enfòmasyon an Ayiti. Komisyon Entèameriken ak kou entè-ameriken, rapòtè Espesyal pou libète ekspresyon ak Leta manm Òganizasyon Leta Ameriken yo te montre enpòtans dwa aksè enfòmasyon pou validite demokrasi a. Biwo rapòtè espesyal pou libète ekspresyon nan CIDH li menm te raple nan lane 2011 kouman aksè enfòmasyon se yon zouti enpòtan pou egzèsis ak jwisans lòt dwa yo tankou dwa politik, dwa ekonomik ak sosyal yo, sitou pou gwoup moun yo te mete sou kote yo<sup>1</sup>. Nan kad odyans sa epi sitou lè nou konsidere kriz politik ki mennen nan kraze palman an ayisyen, petisyonè yo vle prezante enpak fayit Leta ayisyen pou garanti jwisans total dwa aksè enfòmasyon ki pwoteje nan atik 13 Konvansyon Amerikèn dwa moun yo (CADH).

Petisyonè yo vle mete aksan epi atire atansyon Komisyon an sou enpòtans patikilye kesyon dwa aksè enfòmasyon depi Palman ayisyen an pa fonksyone ankò nan dat 13 janvye 2014. Nan sans sa, petisyonè kwè gouvènman ayisyen dwe fè anpil jefò pou li pi klè epi trè transparan nan moman kote pa gen Palman pou jwe wòl kont pouvwa li kòm sa dwa. Nan sans, lè nou konsidere enpak kèk desizyon gouvènman ayisyen ap gen sou dwa moun yo nan lavni sitou nan kesyon developman endistri minyè ak touristik, respè dwa enfòmasyon gen yon gran enfòmasyon pou petisyonè yo.

Nan kad odyans sa, men kek eleman petisyonè yo ap abòde : 1) Absans yon lwa kad ak bon mezi pou garanti jwisans tout bon vre dwa aksè ak enfòmasyon se yon mankman grav ; 2) Klotz konfidansyalite yo mete nan pwojè lwa minyè ap anpeche moun gen aksè nan dokiman ak enfòmasyon ki dwe nan enterè piblik epi disponib pou tout moun pandan yon peryòd dis (10) lane ; 3) Enpak neglijan gouvènman ayisyen an pou li garanti tout bon vre dwa aksè enfòmasyon nan kad pwosesis pou developman pwojè minyè, touristik ak ibèn sou kominote ki touche direktman nan pwojè sa yo ; 4) Enpak sitiyasyon sa genyen sou pratik metye jounalis ak posibilite medya yo genyen pou enfòmasyon sitwayen Ayisyen yo sou kesyon ki konsène yo ak lavi yo.

Nan yon premye moman, petisyonè yo ap montre kouman akòz pa genyen ankenn lwa ki mete an aplikasyon atik 13 konvansyon entèameriken dwa moun ak atik 40 konstitisyon ayisyen ki limenm garanti dwa libète ekspresyon an nan sa ki gen pou wè ak libète ekspresyon. Yon lòt kote, an Ayiti pa gen anken pwosedi administratif ki kapab pèmèt satisfè demand dwa enfòmasyon sitwayen yo. Nan kad mekanis pou swiv jan yo ap aplike konvansyon entèameriken kont koripsyon an, gouvènman ayisyen rekonèt vreman vre « Ayiti poko gen yon lwa ki defini klèman sa dwa aksè enfòmasyon an ye »<sup>2</sup> Palman ayisyen an te jije nesèsè pou prevwa yon *lwa pou fè prevansyon ak represyon koripsyon*

<sup>1</sup> Rapporteur spécial pour la liberté d'expression, Commission Interaméricaine des Droits de l'Homme, *The Right to Access to Information in the Americas: Inter-American Standards and Comparison of Legal Framework*, OEA/Ser.L/V/II.CIDH/RELE/INF. 7/12, 30 décembre 2011, para 3.

<sup>2</sup> Mécanisme de suivi de la mise en œuvre de la Convention Interaméricaine contre la corruption, *République d'Haïti: Rapport Final*, SG/MESICIC/doc.423/14 rev. 4, 12 septembre 2014, para 149

an pou yo adopte yon lwa pou defini dwa aksè enfòmasyon an<sup>3</sup>. Yon kote restriksyon ki genyen sou dwa aksè ki nan atik 115 pwojè lwa paka jwenn jistifikasyon nan kad yon sosyete demokratik, sa vle di baboukèt kote dwa enfòmasyon an.

Nan yon dezyèm tan, petisyonè yo ap pote agiman ki montre kouman kloz konfidansyalite ki nan pwojè minyè a ki nan kouti jounen jodi a antre konfli ak konvansyon entè-ameriken dwa moun yo. Vrèman vre, jan atik 115 lan trè vag la riske entèprete tankou se yon egzijans pou tout enfòmasyon ki gen rapò ak eksplwatasyon minyè rete konfidansyèl non selman enfòmasyon ki gen karaktè komisyèl selman men tou enfòmasyon ki regade enterè piblik la tankou etid enpak anviwonmantal ak sosyal yo ak enfòmasyon ki konsènan kantite lajan ki ap rantrè nan kad eksplwatasyon minyè yo. San sa, restriksyon sa nou jwenn nan atik 115 pwojè lwa minyè ki parèt nan mwa dawout 2014 la pap pèmet rive nan objektif ki enimerè nan atik 13(2) CADH, ki fè obligasyon pou « veye respè dwa oubyen repitasyon lòt yo » oubyen pou voye je «sou sovgad sekirite nasyonal la, oubyen sante, oubyen moral piblik yo »<sup>4</sup> yon lot bò, baboukè yo mete pou dwa enfòmasyon ki nan atik 115 la pa kanpe sou anyen nan yon sosyete demokratik, sa vle dik aksè restriksyon dwa aksè enfòmasyon pa pwopòsyonèl ak enterè li ap cahche pwoteje, pwoteksyon enfòmasyon piman komèsyal ni li pa fòmile yon jan pou li ta pèmet yon ti vanse nan jwisans dwa aksè enfòmasyon an<sup>5</sup>

Twazyèmman, petisyonè yo ap mete aksan sou enpak neglijan Leta pou li garanti dwa aksè enfòmasyon pou sitwayen ayisyen yo nan kontèks developman minyè ak touristik, menm jan nan kad gwo pwojè iben. Konsa tou, neglijan an bay enfòmasyon pou popilasyon ki viktim nan kad pwojè eksplorasyon minyè, menm jan pou yo mete bon jan enfòmasyon disponib an kreyòl, lang tout ayisyen pale, rann kominote yo pi vilnerab nan sans kominote sa yo paka rive fè opinyon yo pase kòm sa dwa fas ak antrepriz minyè yo ak gouvènman ayisyen an. Nou gen egzantp kote anpil moun te fin yon dokiman ki te pèmèt yon antrepriz minyè aksè pou pase sou tè yo ap di yo te fè sa paske yo pat gen aksè ak bonjan enfòmasyon sitou sou enpak aktivite eksplorasyon yo tap gen sou tè yo, sinon yo patap dakò siyen yon dokiman konsa. Petisyonè yo ap prezante enpak neglijan gouvènman an pou garanti aksè enfòmasyon nan kontèks developman pwojè touristik nan zile Ilavach sou moun ki ap viv nan rejyon sa ak sou òganizasyon kominotè ki enterese nan kesyon sa. Enpak obstak nan aksè enfòmasyon sou moun ki viktim nan konstriksyon yon site administrativ anba lavil Pòtoprens ap trete la tou.

Petisyonè yo ap abòde obstak ki genyen nan mankman Leta pou garanti dwa aksè enfòmasyon pou egzèsis metye jounalis la an Ayiti. Yo mete yon aksan espesyal sou enpak mankman ki genyen pou garanti tout bon vre dwa pou jounalis yo aksè enfòmasyon epi gen kapasite pou enfòmè piblik la kòm sa dwa nan lide pou konstwi valide pwosesis demokratik la an Ayiti. Jan sa te deja mansyone , aksès enfòmasyon sitou pou jounalis yo gen yon enpòtans total kapital nan moman kote pa gen palman ki ap fonksyone nan peyi a, yon fason pou desizyon estratejik ki gen rapò developman endistri minyè ak touristik gouvènman an ap pran yo fèt nan transparans ak nan respè dwa moun yo.

Pou nou fini, petisyonè yo ap fè kèk rekomandasyon sitou pou Leta adopte yon lwa ki kapab garanti aksè enfòmasyon, pou gouvènman an retire kloz konfidansyalite ki nan avan pwojè lwa minyè a ki se yon vyolasyon CADH la, pou yo rann piblik toute enfòmasyon gouvènman an genyen nan ki sa ki gen pou wè ak pwojè touristik ki ap fèt sou zile ak developman endistri minyè a. Petisyonè yo chita

<sup>3</sup> Loi portant prévention et répression de la corruption, Le Moniteur, 169e année, No. 87, 9 mai 2014, Loi n° CL-2014-008, art. 24.

<sup>4</sup> Convention américaine relative aux droits de l'homme, signée à San José le 22 novembre 1969, art. 13(2) a) et b) [ci-après « CADH »].

<sup>5</sup> CourIDH, *Case of Claude-Reyes et al. v. Chile*, Jugement du 19 septembre 2006, Affaire No 12.108, para 91.

sou desizyon kou entèamariken dwa moun yo nan kad afè *Claude reyes k. peyi chili*<sup>6</sup> ak sou rekomandasyon komite ekspè mekanis ki ap swivi aplikasyon Konvansyon entèameriken kont koripsyon<sup>7</sup> pou yo fè rekòmandasyon yo.

---

<sup>6</sup> *Ibid.*, para 77.

<sup>7</sup> Mécanisme de suivi de la mise en œuvre de la Convention Interaméricaine contre la corruption, *République d'Haïti: Rapport Final*, *supra* note 2, para 153